АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

Шамил районалъул газета

# ЦОЛЪИ

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№42
(10088)

РУЗМАН

20 октябрь
2023 сон

5 РАБИГIУЛЬ-АХИР
1445 СОН

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багьа эркенаб

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

## ХIебда школалъул аслияб корпус цIилъизабуна

**Районалда бищун кIудияблъун кколеб ХIебда гьоркьохъеб школалда капиталияб ремонт гьабун, официалияб хIалалъ рагьулеб байрамияб тадбир тIобитIана 16-леб октябралъ.**










Тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIер МухIамад ХIасанов, гьесул заместитель, лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Карим Будунов ва цогидал гьалбал.

Гьаб соналъул июлалда байбихьана ХIебда школалъул аслияб корпусалда капиталияб ремонт гьабизе. Классазул кабинетазда, жанахIазда, кинабго цIи гьабуна –чIарбал, мокърукьбакIал хисана, къадал ритIизаруна, нуцIби цIиял лъуна (пластикалъул гордал церуккунго лъун рукIана), санузлаби къачIана, цIиял партаби ва бакIал лъуна. КъачIана школалъул къватIисеб рахъги. ХIебда школалда капиталияб ремонт гьабизе биччан букIана 18 миллионалдасаги цIикIкIун гъурущ.

«Школалъул сипатго хисун буго. Нижер мурад буго лъималазе киналго шартIал чIезари – гьелъ квербакъула хIалтIуде мугIалимзабазулги, цIалуде лъималазулги жеги гъира базабизе. Школлъималазе гьарула щуйилазда цIализе ва эбел-инсул чIухIилъун рукIине»,- ян абуна МухIамад ХIасановас баркиялъулаб кIалъайги гьабун. Гьединго, гьес баркала загьир гьабуна республикаялъул бетIер Сергей Меликовасе. 2021 соналъ нилъер районалде бухьараб сапаралъул хIасилалда къурал буюрухъазул цояб букIана ХIебда школалъе капиталияб ремонталъе гIарац биччай. Гьединго, МухIамад ХIасановас рагIи кьуна тIасияб соналде школалъул азбар ва сверухълъи къачIазе.

Школалъул директор ГIали ЖабрагIиловас кIудияб баркала загьир гьабуна районалъулгун республикаялъул нухмалъулезе, подрядалъулаб гIуцIиялъе ва хIалтIи гьабулелъул кумекалъе ратанщиназе. «Кутакалда гIемераб ва захIматаб букIана къокъаб заманалда жаниб хIалтIи рагIалде бахъинабизе, амма гьанже нилъер лъимал цIалулел руго киналго шартIал чIезарураб школалда»,- ян абуна директорас.

Байрамияб тадбиралда лъималаз рихьизаруна жидерго художественниял гьунарал –кучIдул рикIкIи, ахIи ва берцинал къурдаби.

Школа баралдасаго гьадинаб мухIканаб ремонт ва хисиял гьарун рукIинчIеб ХIебда школалъул педагогал ва школлъимал цIакъ разиго руго.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**

■ РОСАБАЗУЛ ГIУМРУ

## Халкъалъул хIалтIи къурда рекIана

**ЖамагIаталъул газа унголъунги къурда рекIунеблъи бихьизабуна гьанхъадерил жамагIаталъ. ГIахьалал ишазулъ гьез бихьизабулеб цолъиялъул ва гъункиялъул мисал цогидаз босизеги цIакъ мустахIикъаб буго. ГIемерал кIвар цIикIкIарал хIалтIаби кIвана гьезда рагIалде рахъинаризе гьединаб цолъиялдалъун.**



Жидерго росдал хIаракатчагIазул кумекалдалъун гьанхъадерида бажарана захIматал къурул сиртIалги рорлъун, Хунзахъ районалдаса Гьандихъ росулъе газ бачине. Росдал рагIаллъуде газ щвеялъул рохел загьир гьабулеб мажлис тIобитIана гьениб араб анкьил арбагI къоялъ. Тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIер М.ХIасановги, районалъул имам ГI.ГьитIиножоевги.

МугIрул бисал кинигин къурабалъ хархадун росдал гIолохъабаз гьабураб захIматаб хIалтIул хIакъалъулъ гIатIидго хъван буго Гьандихъ школалъул директор МухIамад Гъазалиевас. 3-леб гьумералда къолеб буго нижеца гьесул макъала.

(Хадусеб 3-леб гьум.)



■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

**Малаев МухIамад
ГIуриб росдал имам**

## Лъида абулеб бихьинчи?

Нилъер пикруялда, хасго магIарулазул пикруялда, бихьинчи ккола бокьаравгун вагъизе кIолев чи, яги дагIбадизе, бокьарав къезе гьавизе кIолев чи, яги жиндир пикруялда битIарабин ккараб гьабизе кIолев чи лъихъаниги хIинкъичIого. Амма нилъ балагьизе ккола лъиде абулеб хIакъикъияв бихьинчиян. Исламалда рекъон, нилъ киналго бусурбаби ругелъул АльхIамдулиЛлагь, гьединлъидал, нилъ балагьила лъиде абулеб бихьинчиян исламалда рекъон. Нилъер Аварагас абуна жинда Аллагьасул салатги саламги лъеяв: «Бихьинчилъи кколаро жинца цогидав къуваталдалъун къезе гьавизе кIолев чи. Амма бихьинчи ккола цин бахъиналда аскIоб жиндаго тIад кверщел гьабизе кIолев чи, ай сабруги гьабун, шаргIалда рекъон чIезе кIолев чи».

Цогиги бихьинчилъиялъул цIадирабазда лъолеб жо ккола: кигIан къадаралъ нилъее цогидал нилъгун лъикI рукIине бокьи, ай гьездасан гьеб тIалаб гьаби. Щайгурелъул, абулеб буго бихьинчиясул тIабигIаталдасан бугила жив цогидалгун лъикI вукIин, ай ритIухълъи цIуни, цогидаздасан жиндиеги ритIухълъиги цIуничIого. Общество лъикIлъизе ккани, тIоцебесеб шартI буго нилъго киналгогун лъикI рукIин нилъеде киналго кваш ругониги. Аварагас жинда салат салам лъеяв абуна цогидаз хIадисалда: щив чи вугониги жинца абулев общество хун бугин, ритIухълъи гьабулев чиго хутIун гьечIин ракьалда гьедин абулев чи гьев вугила бищун хварав ва ритIухълъи цIунуларев. Цойги бихьинчилъи нилъелъго балагьулел цIадираби ккола, кигIан къадаралъ нилъеда нилъее квешлъи гьабурав чиясе лъикIлъи гьабизе кIолебали, щайгурелъул, КIудияв Аллагь лъалев гIалимас абун буго «ЛъикIлъи гьабурасде данде лъикIлъи гьабизе чIужугIаданалдаги кIолин, амма квешлъи гьабурасе лъикIлъи гьабизе бихьинчиясда гурони кIоларин абун». Къуръаналда Аллагьасги абулеб буго хIакъикъияв мухIсин ай лъикIлъи гьабулев чи гьев вугила жиндие зарал, квешлъи гьабурав чиясе лъикIлъи гьабулев чи.

Нилъ магIарулал хIинкъулеб жоялдасан рикIкIине бегьула нилъеде мун бихьинчи гурин абиялдасан, гьединлъидал, нилъедаго ва нилъер лъимaлаздаги жаниб нилъеца лъезе ккола хIакъикъияб бихьинчилъиялдаса рахъунгутIи, гIадамазул заралги баччизе, данде зарал гьабунгутIиги, квешлъи гьабурасе лъикIлъи гьабизеги, цогидалгун ритIухълъи цIуниги ва цин бахъиялда аскIоб сабру гьабизеги. Нилъеца гьитIинго гьединал диниял бихьинчиясул бичIчIи жаниб лъуни, гьел кIудиял гIурабго хIинкъизе руго цогидасе зарал гьабизе, ялъуни цин бахъиндал вагъизе ине, щайгурелъул, гьеса абизе буго нилъ бищун хIинкъулеб ракIи мун бихьинчи гуро абун.

Лъималазда малъун гIоларо, нилъерго жаниб бугеб мекъаб бихьинчилъи рикIкIуне б пикру бетIералда сверизе гьабизе ккола исламалъул бихьинчилъиялде. Аллагьас тIоцебе диеги хадуб киназего гьелъулъ кумек гьабейги. Амин!

■ МУСТАХIИКЪАЛ РАЙОНЦОЯЛ

# БахIарчияв генераласул эмен

**Нилъер районалъул росабазул бищун некIсиязул цояб ккола ГIурада. Гьеб росдал цIар тIолго пачалихъалда рагIизабуна КIудияб ВатIаниб рагъул гIахьалчи, Дагъистаналъул тIоцевесев генерал-полковник МухIамад Танкаевас. ГIемераб бицана ва хъвана райгазеталда М. Танкаевасул гIумруялъул ва рагъулаб бахIарчилъиялъул. Жакъасеб номералда нижее бокьун буго гьесул эмен Танкал хIакъалъулъ гьитIинабго баян кьезе.**



ГIурадисезул некIсияб Гъобзалазул тухумалдаса ккола М.Танкаев. ЖамагIаталда гьоркьоб къимат-къадруялда бугеб Гъобзалазул хъизаналда вукIун вугоункъго вац: Теричило, Ханапи, ХIажи-Удурат ва Танка.

Ханапи вукIун вуго цIулада накъищал гьариялъул устар ва рукъзал раялъе махщелчи. Гьес гьарурал цIулал рагъабазул берцинлъиялъ жакъасеб къоялъги пана гьарула чанги архитекторал, росуцоял ва тIаде рачIарал гьалбал.

ХIажи-Удурат вукIун вуго цIакъ гьваридаб лъай ва кIалъазе махщел бугев чи.

Танка, Советияв военачальник, генерал-полковник М.Танкаевасул эмен, вукIун вуго гIумрудул хIалбихьиялъ гIакълу щварав чи. Жеги гьитIинго бетIербахъиялъе гIоло кIиго росуцоявгун цадахъ Гуржиялъе сапар бухьине ккун буго гьес. Танка лъелго, нухцадахъал чуязда рукIун руго.

Лъебелазул мухъалде щведал, цадахъ букIараб квенги лъугIун хутIун руго гьел. Цебе жеги захIматаб, халатаб нух букIин хIисабалде босун, цIодорав Танкаца тIасияб тIажуги бахъун, гьелъул нухда босулеб сумка гьабун буго ва росабалъ хьвадун буго нух теялъе квен гьарун. Гьедин кумек гьабун буго гьес жиндийго ва цадахъ ругезе Телави шагьаралде рорчIизе.

Гьенив гьев хIалтIизе лъугьун вуго цо бечедав чиясул ахихъанлъун. Цо къоялъ гьутIби лъалъалаго, тIагIун ун буго лъим. Ккараб жо балагьизе араб мехалъ, цо чияс лъиданиги лъазабичIого жиндирго рахъалде сверизабун батун буго кинабго лъим. Танкаца лъим жидерго ахикье тIамун буго. Хадубги лъим къотIидал, гьеб цIехон индал, дагIбаялде ккун руго мадугьалгун. КIиялго рагъулаго гуржияв рахънив вортун вуго. Гьеб бихьун буго сверухъ рукIарал гIадамазда. Амма жидерго росуцоясул хъачIлъиги лъан, киналго Танкал рахъалъ чIун руго. Гьеб лъугьа-бахъиналдаса хадуб къимат-къадруялда вукIун вуго Танка гьезул жамагIаталда гьорлъ.

Гьоркьоб дагьаб заман бахъун гьесие щун буго почталъул карета бачунев чиясул хъулухъ. ЦIакъ хIинкъи цIикIкIараб иш бугоан гьеб. Чанги хъачагъал рукIарал рохьазулъ рахчун. Гьедин, цо нухалъ Телавиялдаса Лагодехиялде гIемераб гIарацгун унев Танкаде тIаде кIанцIун руго талавурчагIи. Къвагьулаго гьесде гIагарлъулел рукIуна хъачагъал. Гъажалда цвараб ругъуналъухъ балагьичIого, цебе унеб бугеб каретaлда тIад гIарцул таргъаги рагьун, кинабго гIарац бихъун базе байбихьула гьес. Хадур гIунтIарал хъачагъазда бида вецIцIулев гIолохъанчи ва тIу-тIун бараб гIарцул таргъаги батун буго. Щибго давла щвечIого нахъ руссине ккун руго гьел.

Гьеб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ доб заманалъ Грузиялъул киналго басмабазда хъван букIун буго ва ккараб жо лъайдал, банкалъ лъикIаб гIарцул магарич гьабун буго Танкай. Рокъов тIад вуссиндал, гьеб гIарцуде бекьулеб ракь, гIиял рехъен ва кули босун буго гьес.

Танкал гIумруялда жаниса цо гьитIиналго эпизодал руго гьал. Танка гIумрудул ахиралде щвезегIан вукIана росдал жамагIаталъул ва харабазул цевехъанлъун. Гьелъ батила гьесул васазги инсудаса мисал босулеб букIараб къадруяб хьвада-чIвадиялъе.

НекIсияб заманалдаса жакъа къоялде щвезегIан гьенир рахъарал цIар рагIарал гIадамазул бицун хIал кIвеларо, амма нилъеда тIадаб буго гьелъул культураялъул, гIумру –магIишаталъул лъалкIал гIун бачIунеб гIелалъе нахъе цIунизе. Гьелъие кIудияб хIалтIи гьабун, умумузул алатал ва цIар рагIарав багьадур, военачальник МухIамад Танкаевасул гIумру рагьулел гIемерал экспонатал данде гьарун руго ГIурада музеялда. Кидагосеб гьираялда гьалбал дандчIвазе хIаду_равлъун вуго гьелъул директор МухIамадов Будун ГIалиевич.

**Будун МухIамадовас кьурал баяназда рекъон хъвана ПатIимат МУХIАМАДОВАЛЪ**

■ АДМИНИСТРАТИВНЫЕ ДЕЛА

**МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ «ШАМИЛЬСКИЙ РАЙОН» РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН**

**ПОСТАНОВЛЕНИЕ**

**с.Хебда**

**от 10 октября 2023 г.** **№ 81**

**О начале отопительного сезона 2023-2024 г.г.**

На основании Федерального закона от 06.10.2003 г. №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Правилами предоставления коммунальных услуг собственникам и пользователям в многоквартирных домах и жилых домов, утвержденными Постановлением Правительства Российской Федерации № 254 от 06.05.2011 г. п о с т а н о в л я ю:

1. Начать отопительный сезон 2023-2024 г.г. на территории Шамильского района с 15.10. 2023 года, с учетом погодных условий.

2.В целях организации учебно-воспитательного процесса в соответствии с рекомендациями Роспотребнадзора по соблюдению воздушно-теплового режима, руководителям образовательных учреждений и организаций начать отопительный сезон при наступлении среднесуточной температуры наружного воздуха ниже +8 в течении пяти дней подряд.

3. Рекомендовать руководителям организаций и учреждений района начать отопительный сезон при наступлении среднесуточной температуры наружного воздуха ниже +8 в течении пяти дней подряд.

4.Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Единство», в сетевом издании «Хебда-онлайн»

5.Контроль исполнения настоящего постановления возложить на и.о. заместителя главы МО «Шамильский район» Будунова К.Г.

**Глава МО
«Шамильский район»** **М.И.Гасанов**

■ РОСАБАЗУЛ ГIУМРУ

# Халкъалъул хIалтIи кьурда рекIана

Гьедин абизе бегьула Гьандихъе 11-леб октябралда щвараб газалда. Гьеб бачIана росу шималияб рахъалъ сверун къан, 200 метр борхалъи бугеб кьурулъа гъоркье. Картаялда гьеб кьурул мухъалда ЗоногохI абун хъван буго, Богосский хребеталъул гIаркьел гIадин.

Гьеб кьурул сиртлъ батIа гьабула росдал ракь Хунзахъ районалъул Гъонохъ, Гъоркколо, ГIобода росабазул ракьалдасан. Гьеб кьурул сирт районалъул гIор бахун добехун ругел киналго росабалъанги бихьула. Амма аскIосан хал гьабидал, гьенире рахине бокьарав чиясда кIоларо. Кин бугониги, гьанхъадерица гьеб кьурул рачел гIисинбоцIи хьихьизе хIалтIизабичIого течIо. Умумузул заманаялъго цо-цоязул гьенир парсазухъ бокьал, гIи-цIаназе квегIенал нохъаби рукIана. Росдал ракьалдасан хъвараб харил нахърател лъугIидал, гьенире рахунаан палхаларел руччаби магъал цIезе. Гьеб мурададалда, кьурулъан гьабун букIана хIалалъ рахунеб болъо- мажи. Ккана чанги талихI къарал ишалги.

Амма киданиги ракIалде ккун букIинчIо, гьеб кьурулъан Гьандихъе трубабиги лъун, газ бачIинин абун. Гьеб букIана маргьабалъцин божулареб иш. РагIун букIиндал, нижер росулъе пачалихъалъул гьеб иш гьабулеб организациялъул гIадамаздасан 30-абилеб соналъцин бажарилищали лъаларин абунин. Гьезда ккун букIун буго нижер росуги ГIахьвахъ-ЦIумадаялда гъорлъ бугеб росу батилин (гьабсагIат гьол тIаделъун руго гьеб кIиябго районалде).

Газалде бугеб анищ росуцоязул бижана аскIоб бугеб районалде газ бачине байбихьаралдаса. Амма гIадатияб нухалъ шагьра ккун бачиналде хьулги букIана.

Гьеб анищ бижиялде росдал жамагIаталъул кидагосеб хьулги букIана. Щай абуни, Гьандихъ буго цIулакъаб бакI. Росдал ракьалда гьечIо цониги гIалхул гъветI. ГIицIго жиндирго хуриб яги ахикь бижараб гъотIол гIаркьел бакъвани, гьеб букIана нахъе хъухъан, цIа бакизе хIалтIизабизе бегьулеб жо. Гурони, цоги бакIалдасан бетIергьанчи вугеб бакъвараб гъветIалъул хIалаллъи тIалаб гьабун гурони, лъицаниги Гьандихъа чияс квер хъвалароан.

ЦохIого цо умумузул букIараб гIадат-хIайваназул рак магIарде щвезегIан ун, ялъуни ихдал ХъазаралтIе гIор щведал, бачIунеб цIул кквезе ун, гьедин бетIер бахъулаан.

Гьеб ресукълъиялъги, магIишат гьабизе бугеб захIмалъиялда цадахъ, росулъа гIадамал къватIире иналъул гIиллаги цо букIанин ккола.

Кин бугониги, 1965 соналъ нилъер гьанибе бачIараб токалъ вохизавичIев чи вукIун ватиларо. Нилъ дагь-дагь ккун гьелде ругьунлъун ана ва букIине кколеб жолъун бихьана.

Амма газалде бахунеб нигIмат гьечIилан абулаан цо-цояз. Гьеб бачIиналде киназулго хьулги букIана. Гьеб тIокIлъиялъухъ урхъун рукIиналъ, цебе абухъе, гIедегIарал гIадамал гIатIиракьалде ва шагьаразде ана. ГьабсагIаталъ халкъалъул лъабил бутIа гурони гьечIо росулъ. Ригьзал руго- гIадамал гьечIо. Амма Аллагьас нилъ рехун толел гьечIолъи бихьана. Гьеб кьурде хал гьабидал, имамас гьабун букIараб васигат ракIалде щвана: «Рехун тоге умумузул ракь, дагь гурони пайда щвечIеб нужее гьелдасан, амма гьеб буго нужер ракь, нуж рижараб ракь, нужер ВатIан, цIуне гьеб». Лъалеб букIун батиларищха лъикIал чагIазда нахъа ккезе нилъее бугеб бигьалъи. МацIги, яхIги, гIадаталги ратIалъаралго халкъалъул хутIулеб жо щиб?

БицинчIого ракI букIунеб гьечIо гьеб иш рагIалде бахъинабулаго гьабураб жигарчилъиялъулги. Росдал кIалалдаса байбихьун лъун руго трубаби. Бахъана цIияб нух доб кьурул ракьанде гьел трубаби лъолеб бакIалде щвезегIан. Гьенисан цIакъго захIматаб бакIалде кквералъ раччана гьел, кIиго- лъабгояз ккун. Росулъа хIалтIи гьабизе чи гIолел рукIинчIелъул, щибаб гIодор къоялъ кIиябгольабабго соналъ рачIана шагьаралдаса гIолохъаби. Баркала буго гьезие. Хундерил магIардасан кьурулъан гъоркье риччазе кколел рукIана гьел. Гьеб букIана унго- унгояб альпинистазул хIалтIи. Жибго гьеб ишалъул нух малъулев субподрядчик Кванхидалъа АхIмадкамилица абун буго, жив гьадинаб хIалтIуда дандчIвачIин гьалгощинал соназ



ва рагIи кьун буго гьаб иш рагIалде бахъанани, жиндицаго, росдада базе течIого, садакъа гьабилин абун.

Гьеб кинабго ишалъе кьучI лъурав ва байбихьизе хIаракат бахъарав чи вукIана цеве вукIарав Халкъияб собраниялъул депутат, мунагьал чураяв ГIалиев ГIарип. Гьеб хIалтIи букIана гьесул росдада аскIоб гьабулеб кIиабилеб кIудияб хIалтIи. ТIоцебесеб ккола Гьандихъе гьесул организациялъ бахъараб цIияб нух. Гьеб буго кьокъаб, квегIенеб ва рес бугеб нух. Амма гьелдалъун ГIарипил хIаракатчилъи лъугIичIо. Гьес кIудияб бутIа лъуна росулъе рачIунеб бакIалда, гьанхъадерил лъаралда тIасан лъураб кьо балаго, Гьандихъ бараб цIияб мажгиталда, хасго тIох, гьебги гьесул тIалабалдалъун гьабуна. Гьаб гьабураб кIудияб хIалтIиги анкьго- микьго соналдаса гурони планалда гьечIеб, гьесул бажариялдасан цебе бахъана. Абуни буго гьев мунагьал чураяс, ковидалъ унтун вугев чияс, гьеб трубаялъул кIал тIаса магIардаса рагIалде баккани, хваниги кIваричIилан. Гьединаб тIалабалъ ва росдаде бугеб рокьиялъ, цо чияс гьабураб хIалтIиялъ кинабго жамагIаталда гъира базе гьабуна, хасго гIолохъабаз гъуждул гурана. Ва хехал тадбирал гьарун, росулъа кьурул ракьанде раччана къваригIанщинал трубаби. ТIасахун магIардасан гIолохъаби МухIамадов Амин, Шамсудинил МухIамад (гь.), МухIамадхIажиев ГIабдулкъадир, Асадулаев СагIит эхере трубаби риччазе хIалтIана. Цоцада сваркаялъ рекIинарун, Кьохъа ТIагьир-ХIажияс цояб рахъ машинаялда рухьун, риччалел рукIана гъоркье.



Гьеб букIана унго-унгояб кино бахъизе бегьулеб хIалтIи. Гьелда хIикмалъарав дида ракIалде щвана халкъияб кици «ТIаделъанани, халкъалъул газа кьурдаги рекIунин абураб». Гьанир дица дагьалъ хисизаруна рагIаби «ТIаделъани, халкъалда трубабиги кьурда рекIинаризеги кIолин абуралде».

Гьедин лъугIана гьеб бахIарчияб хIалтIул эпопея. Ва 11-леб октябралда гьанхъадерил мажгиталда тIолабго росдал гIадамаз кIодо гьабуна гьеб рохалилаб лъугьа-бахъин -росулъе гьедигIан анищ букIараб нигIмат щвей. НигIмат, амма цIакъ цIодорго ва мухIканго жиб хIалтIизабизе кколеб.

Гьелъул пайдаялъулги, мекъи ккани гьелъул балагьалъулги ва жидецаго гьабураб хIалтIулги бицун кIалъана цIикIкIараб гIелалъул росуцоял Думалаев ХIумайд, Мутаилов МагьдихIажияв, Думалаев МахIмуд, рехсана гьабсагIаталъ унтун, операция гьабун вугев, росдае хIажатав ГIабдулвагьабов МухIамадги (ГьитIинасул МухIамад) ва цогидалги.

Ахиралда кIалъана районалъул бетIер МухIамад ХIасановги. Гьес гьанхъадерида баркана кIудияб лъугьа−бахъин ва лъикIаб къимат кьуна жамагIаталъ гьабураб хIалтIиялъе, цогидал росабалъеги гьединаб рохел тIаде щвезе букIиналъул пикру щулаги гьабуна.

Гьеб лъикIаб пикру киназего бокьана. ХIакъикъаталдаги, ракIалде ккезе бегьуларо гьеб рохел -чIухIи кколин абураб. Диналъул вацазе кIвараб кумек гьабун гIумру сахлъизаби буго щивасул мурад. Чанги бажари бугел ва хIаракатал гIадамал ругел росаби руго нилъер районалда, ва иншаАллагь, гьенибеги кватIичIого щвела ва гьезги, нижецаго гIадин, рохел загьир гьабила.

**МухIамад ГЪАЗАЛИЕВ**

■ СПОРТ

# 10 сон барав Россиялъул чемпион

**14-15октябралда Самараялда тIобитIараб Россиялъул чемпионаталда чемпионлъун вахъана Шагьидов Шагьид.**



ГьитIинго байбихьана гьес каратеялъул «Скорпион» клубалде хьвадизе. Дагьалъ цебе гьес ккун букIана Дагъистаналъул чемпионаталда кIиабилеб бакI. Гьесул тренер ккола ГIумаров Мамма. Шагьидав ккола Шамил районалъул Ругъелда росулъа. ЦIалулев вуго шагьаралъул 8-абилеб гимназиялъул 3-абилеб классалда.

Баркула гьитIинав Шагьидида кIудияб бергьенлъи. Хадубккунги ракьцоял рохизариялда божи буго гьеса.

**Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**

МИЛЪИРШО



## ТIутIги найги

Цо пуланаб къоялъ тIутIги найги цоцазда аскIоре ккун руго. ТIотIоца найидехун жиндирго кьваризлъи бицун, гьадин абун буго:

– Гьал гIадамаз гьабулеб мекъаб жоялъул магIна кинго бичIчIуларо дида: дун гьаз рукъзабахъа къватIибе бачахъула, батIи-батIиял жал ургьун, хвезабула, щиб гIамал гьабунги, тIутIал тIагIинаризе къасд гьабула. Дуейин абуни, тIулби гьарула, тIалабги цIакъго кIвар кьураб букIуна, хасало ригьниб хьихьула, ихдал цо-цо мехалда дуе гьоцIогицин кьола. Гьеб дур бегIераб хочодаса хIинкъун ратилаха гIадамаз дур хIурмат-хъатир гьабулеб.

Найица гьелъие жаваб кьунила:

– БегIераб хочодаса хIинкъун, хIурмат гьабулебани, кьужнайилги кIкIарадулги гьабилаан хIурмат, амма гIадамазда аскIоб гьезулги къадру дуралдаса цIикIкIараб гьечIо. Мун гIадамазухъе бачIуна, батIи-батIиял унтабиги рачун. Дуца гьезул квен-тIех, ретIел-хьит ва цогидабги чорок гьабула, мун хIанчIола. Дицайин абуни, нус-нус батIияб унтуе дару-дарманлъун чIолеб ва кваназе тIагIамаб, гьуинаб гьоцIо кьола, гьединго гIемераб жоялъе кьваригIунеб хIе кьола. Гьеле гьединлъидал бокьула дун гIадамазе.

## Церги мокъокъги

Роол гIуж букIана. БагIбараб къо букIана. Цер ганчIида гъоркъ кьижун букIана. Гьеб ганчIида мокъукъги рещтIана. Мокъокъица берцинал мбкънал рачана. Мокъукъица кинго мбкьу биччачIо. Цер тIаде бахъана. Мокъукъида аскIобегIан бильлъана.

– Дэца макънал беразищ рачунел? -ан гьикъана.

– Дица макънал кIалалъ рачуна.

– КIулеб батани, берални къанщун, бачеха. Мокъокъица берал къанцана. Цараца мокъокъ хапун ккэна.

## БацIги гъотIоркIоги

Рехъалъа кьегIерги хъамун унеб букIанила бацI. Цо гъотIокье щвейгун, гьелда чIинхъи чIванила. ГъотIода чи вугиланги ккун, гIодобе кьегIерги рехун, тIуранила бацI.

Дагьаб добегIан щвейгун, лъалхъизеги лъалхъун, нахъ балагьанила. ГъотIода чи вукIун гьечIила, рохти борлъулеб гъотIоркIо букIун бугила. «Дуда ЧIегIераб къо чIад! — ан абунила бацIица гьелда. Мун кидаго, квартIа гIадин, кIетIолебги букIуна, амма дур устарги киданиги бахъинчIо!»

ГъотIоркIоялъ данде гьадин къотIанила:

«ЧIегIераб къоги, бацI, дудаго чIаги! ГIумру чахъаби рикъулаго аниги, дурги гIияхъан лъугьинчIо». Гьалда жиб щай кIалъарабан ракIалдеги ккун, бацIица хазабунила.

## Чехь сабаблъун



ХIайранго балагьун букIана цер кIодол хъощнибе. КIодол хъощихъ урхъун гуро цер букIараб. Гьелъул рокьи ккун букIана кIодол нису жаниб лъураб суркIихъги нахул хъабихъги. Гьелъул мурад букIана, цо кьваригIелалъ Пари-кIодоги ун, хъощниб гелгедизе.

Цо нухалда цер гьеб мурадалде щвана. Сундухъго балагьичIого, гьелъ бетIер хъабинибе борчIизабуна. Лазаталда чIикIана кIодол нах.

Цойидасан царал рокьи кьалде буссана: кIодо йиго ячIуней. КIвечIо хъабиниса бетIер бахъизе. КIодол гIансикьа хIинкъун, ракI кьабизе лъугьана. Цер гIурул рагIалдехун балагьун лъутана, хадуй кIодоги екерана. Цараца: «Биччай, хъаба, дун, вай, биччан те дун!» – ан ахIулеб букIана.

Хъабица царал ахIи-хIуралъухъ гIинтIамичIо. Гьеб букIана царал бетIералдаго. Цер гIурулъе бортана.

Нахул хъабидаса ятIалъаниги, чехь сабаблъун бетIер хвараб царахъги ялагьун, кIодо елъана.

## ГьитIинав вехь



АхIмадил каникулазул заман букIана. Гьев вукIана магIарда гIияда вугев кIудаэменгун цадахъ. РакIалдаго гьечIого, захIматго унтана кIудаинсул гьалмагъ. РахIат хун лъугьана кIудаэмен. «Щиб гьабилеб? ГьитIинав васги гIияда тун, больницаялде кин инев? ИнчIогоги гьаб хIалалда унтун чиги тезе бегьилищ?» - абун пикру гьабулеб букIана гьес. Ахирги хIукму гьабуна, рехьада АхIмадги тун, жиндирго гьалмагъ больницаялде цвезавизе ине.

Гьеб букIана къаденахъе гIуж. Чода гьалмагъги рекIине гьавун, кIудаэмен ана. ГIиял рехьен хутIана АхIмадил ва ГъалбацIил тIалабалда гъорկь. ГIиял къавудаса росулъе гIемераб нух букIинчIо. Къо букIана роцIараб, багIараб. ГIедегIичIого анигицин, кIудаэмен рехьен къавуде бачунеб заманалде тIад вуссинаан. КIудаэмен АхIмадида божун вукIана. «ГъалбацIги» букIана цадахъ гIемер хьвадараб, гIиял хIал лъалеб гьой.

Гьаниб ккана ракIалдаго букIинчIеб жо. Дагь-дагьккун рачIун, чIегIерал накIкIаз рахчана зобал, пири пирхана, зоб гъугъадана. ЦинтIаго, гIертIиниса тIолеб гIадин, чвахун базе лъугьана цIад. Гъваридал кIкIалабахъ хъудизе лъугьана иххал. ТIадеялдаса тIаде кIодолъулел рукIана гьел. Иххалъ хъамулел ганчIаз сверухълъиго гьаргьазабулеб букIана. Цоцазул чахьазда гъоркь бутIрулги къазарун рукIарал гIиял тIуризе журана. ХIинкъи букIана рехьен иххица иналъул. Цин гьанивехун векерула АхIмад, цин довехун векерула. Гьесда лъалаан хIинкъун тIурулеб гIи чIезабизе бигьаяб жо гуреблъи. АхIмад вихха-хочун гьабилеб жо лъаларого вукIана. Гьебмехалъ ГъалбацI хIапдолаго гIияда цебе кIанцIана. Гьоялда бичIчIана бугеб хIинкъи. Куялъ гIадин, чахъабазда бетIер тункулеб букIана гьелъ.

Квеш-лъикI, АхIмадидаги ГъалбацIидаги гIи кIкIалахъе гьукъизе квана. Рехьен гIодобе биччана. АхIмадидаги ГъалбацIидаги квана рехьен нохъоде борчIизабизе. Гьеб мехалъ ракI гIодобе биччана АхIмадил. Чвахун балеб цIадалъухъги валагьун, нохъодул кIалтIа гIодов чIана гьев. Гьесда аскIоб кIусана ГъалбацIги.

**(«Авар мацI» телеграмм -каналалдаса босараб)**


# ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР

МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ
МухIамад ХIамзатов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЦIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталь кьимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50